

Kèk bagay yon tibebe ki fè tès nòmal ta dwe anmezi pou fè:

Nesans jiska 3 Mwa Laj

- Bat je oswa sote lè genyen yon son toudenkou, yon son ki fò
- Li trankil oswa li souri lè ou pale avèk li
- Li fè son tankou "ohh," "ahh"

3 jiska 6 Mwa Laj

- Li chèche son avèk zye
- Li kòmanse babiye ("baba," "mama," "gaga")
- Li itilize anpi;I son, kri, ak ri

6 jiska 9 Mwa Laj

- Vire tèt nan direksyon son ki fò
- Konprann "no-non" oswa "bye-bye"
- Babye, pa egzanp "haha," "mama," "gaga"

9 Jiska 12 Mwa Laj

- Repete senp mo ak son ou fè
- Korèkteman itilize "mama" oswa "dada"
- Reponn ak chan oswa mizik
- Lonje dweèt sou jwèt favori ak objè yo mande

Si ou genyen kesyon sou odisyon tibebe ou an oswa lis sa a, pale avèk pwofesyonèl sante tibebe ou an.

Ki lòt kote mwen ka jwenn enfòmasyon?

Depatman Sante New Jersey

Pwogram Deteksyon Odison Prekòs ak

Entèvansyon PO Box 364 • Trenton, NJ 08625-0364

(609) 292-5676 (Vwa sèlman)

ehdi@doh.nj.gov

www.nj.gov/health/fhs/ehdi/

www.hearinghelp4kids.nj.gov



Èske Tibebe Ou An Ka Tande? Premye Tès Odison Tibebe Ou An



Philip D. ... Gouvènè
Sheila Y. Oliver, Lt.
Gouvènè



Judith M. Persichilli, RN, BSN, Komisè M

Poukisa yo ta dwe fè tès odisyon pou tibebe m nan?

- Pifò tibebe yo ka tande byen nan nesans, men kèk nan yo pa tande.
- Nou teste tout tibebe yo pou chèche sila ki kapab pa ka pou tande.
- Fè tès se sèl fason pou konnen si yon tibebe genyen pèt odisyon.
- Li enpòtan pou jwenn pèt odisyon an osito posib. Tibebe ke yo pa detekte pèt odisyon pou yo nan bonè pral genyen yon gwo difikilte pou aprann.
- Si nou dekouvri pèt odisyon an bonè, genyen anpil fason nou ka ede tibebe ou an.

Asire ke yo teste odisyon tibebe ou an anvan ou kite lopital la.

Kisa mwen ta dwe konnen sou tès la?

- Tès la san danje epi san doulè epi sa ka fèt nan anviwon 10 minit.
- Pifò tibebe yo dòmi pandan tès la.
- Ou pral resevwa rezilta tès la anvan ou kite lopital la.
- Asire w ke ou di lopital la non pwofesyonèl sante tibebe ou an oswa klinik li a pou yo ka voye rezilta yo ba yo.



Poukisa kèk tibebe bezwen fè yon lòt tès odisyon?

- Kèk tibebe kapab bezwen fè yon lòt tès paske:
 - *genyen likid nan zòrèy la*
 - *bwi nan sal tès la*
 - *tibebe a t ap bouje anpil*
 - *tibebe a genyen pèt odisyon*
- Pifò tibebe ki bezwen yon lòt tès yo genyen odisyon nòmal. Kèk nan yo pral genyen pèt nan odisyon.
- Si tibebe ou an pa reyalize tès odisyon an, asire ke li fè tès la ankò osito posib.

Èske yon tibebe nouvo-ne ka pase tès odisyon an epi toujou genyen pwoblèm pou tande?

- Wi, kèk tibebe tande ase byen pou pase premye tès la, men li pèdi odisyon li apres a akòz:
 - *kèk maladi*
 - *kèk medikaman*
 - *kèk domaj*
 - *yon antesedan famiyal pou pèt odisyon*
- Chèche siy pèt odisyon oframezi tibebe ou an ap grandi.
- Itilize lis ki nan do kouvèti a kòm yon gid.